

## « Do Not Be Afraid »

### A Pastoral Vision for the New Evangelization

#### Rezime Egzekitif(Kreyòl)

Premye lèt pastoral mwen te idantifye gwo lide santral ministè episkopal mwen nan Dyosèz Brooklyn se “Nouvèl Evanjelizasyon”. Nan lèt pastoral sa, mwen te endike Nouvèl Evanjelizasyon se pa yon seri nouvo pwogram ou inisyativ, men pito yon revitalizasyon relasyon pèsonèl ak kominotè nou avèk Jezi Kri. Pwofonde relasyon pèsonèl nou ak Granmèt la ban nou élan pou nou mache jwenn lòt yo, ki vle di, Katolik parèy nou yo ki pa pratike lafwa yo, sila yo ki swiv lòt relijyon ak sila yo ki pa gen relijyon ditou. Rezime egzekitif sila va eksplike tou kout pwèn prensipal dènye lèt pastoral mwen an.

Revitalizasyon pèsonèl se menm bagay ak konvèsyon kontini. Se la Nouvèl Evanjelizasyon konmanse. Si nou vle kalite konvèsyon sa, nou pral chache sèten kalite pèsonèl nan lavi nou. Fò nou ta pare pou resevwa Granmèt la nan lespri nou ak nan kè nou, menm jan disip yo te fè lò yo te ran-kontre Li bò lanmè-a(Lik 5:3). Nou dwe aprann fè Granmèt la konfyans. Kalite konfyans sa, ki chita sou kwayans nou Granmèt la renmen nou, va ba nou nouvo antouzyasm pou kontinye travay pastoral nou konmanse ansanm. Se pou nou rekonèt peche nou yo e aksepte padon Granmèt la ki geri. Gerizon sa va ede nou pase sou tèt espri sinik nou, kòlè nou ak mefyans nou. Finalman, nou ka chache pase sou tèt laperèz nou yo ak pèseverans ki va soutni antouzyasm nou ak kè kontan nou pou travay evanjelizasyon an. Kalite pèseverans sa se yon kado gras Bondye-a pa pouvwa Lespri Sen-an.

Pandan nap chache konvèsyon pèsonèl , nou kapab tou kondwi pawas nou yo, lekòl nou yo, ak pwogram fòmasyon lafwa nou yo fè eksperyans renouvo espirityèl. Kalite renouvo enstitisyonèl sa enpòtan si nou vle tout kwayan yo grandi nan konesans ak renmen Kris la, envite sa ki sispann pratike lafwa yo pou yo vin manm kominote pawas vibrant e bay yon gwo reyon limyè pou sa kap chache Bondye ak yon kè sensè. Kalite revitalizasyon enstitisyonèl sa se plis ke senpleman kenbe enstitisyon nou yo ap viv - l’ap chache renouvo espirityèl yo.

Sèt kalite va make lavi yon pawas k-ap chache nouvo lavi nan Kris la. An premye, li pral yon sant pou adorasyon plen lafwa ak kè kontan, ak Lekaristi nan nannan li. Kalite adorasyon sa dwe enkli patispasyon konplèt, aktiv ak plen sans layik yo. An dezyèm, kalite pawas sa va manifeste yon lespri akèy, respè ak ouvèti pou tout manm li yo nan divèsite yo. An twa-

syèm, li va ofri fòmasyon kontini lafwa, nan chache pwofonde lafwa ak renmen Granmèt la pou tout manm li yo. An katriyèm, yon pawas ki gen nanm va manifeste yon espri sèvis ki va parèt nan travay konkrè charite ak jistis sosyal. An senkyèm, kalite pawas sa va foure yon atitud jerans ki va ede manm li yo reyalize talan pèsònèl yo ak idantifye resous ki nesèsè pou kenbe misyon pawas la. An sizyèm, lidèchip pastoral nan lavi pawas la ta dwe ankouraje kolaborasyon konplè ant klèje li, relijye ak layik yo, fi kou gason. An dènye, yon pawas ki gen nanm va yon kominote kap evanjelize ki mache jwenn sila yo ki pa pratike lafwa yo ansanm ak lòt ke yo kapab envite pou pataje lafwa nou.

Revitalizasyon travay « levasyon Katolik » enkli tou jefò nou an tan ke Legliz pou transmèt lafwa ak ede fòm ti moun nou yo, paran yo ak tout kwayan yo nan imaj Granmèt Jezi. Lekòl Katolik ak pwogram pawas nou yo fòmasyon lafwa se ajan esansyèl ak konplemantè pou reyalize travay levasyon Katolik.

Senk kalite make lavi yon lekòl Katolik ki gen nanm. An premye, li pral ranfòse tout tan idantite-l kòm Katolik, an asiran misyon-l ak bi-l pou anpil tan. Sèl rezon pou kontinye lekòl Katolik nou yo se si yo patisipe nèt nan Nouvèl Evanjelizasyon-an. Sa reyalize prensipalman lè profesè ak paran vin patnè nan fòm chak ti moun esprityèlman, akademikman ak emosyonèlman gras a yon levasyon Katolik ki chita sou bon valè. An dezyèm, yon lekòl an fòm va chache ekselans akademik ki bay profesè ak direktè sipò nan tout jan yo kapab. An twazyèm, yon lekòl ki gen nanm gen lidè konpetan ki ede gouvènènan operasyon chak jou yo ak fè plan pou demen. Katriyèm karakteristik yon lekòl an fòm se abilite-l pou kenbe estabilite ni nan finans ni nan kantite ti moun ki enskri. An dènye, yon lekòl ki gen nanm dwe fè plan estratejik pou demen-l. Kalite plan sa yo dwe konsantre sou ranfòse misyon lekòl Katolik, grandi-l, pèfòmans elèv yo ak lòt aspè lavi lekòl.

Anpil nan kalite ki va revitalize lekòl Katolik nou yo isit nan Brooklyn ak Queens va ede tou bay jarèt pou pwogram pawas nou yo pou fòmasyon kontini lafwa. Piske pawas la se kote privilejye pou fòmasyon lafwa tout manm li yo, se pou chak pawas ta ofri yon pwogram konpreyansif ak efektiv fòmasyon lafwa pou ti-moun li yo, adolesan-l yo ak adilt li yo. Sa ta gen pou enkli yon pwogram levasyon relijyèz sou tout koze pou ti-moun nou yo, opòtinite pou gran moun eksplòre lafwa yo, yon pwogram RCIA an fòm, ministè pou jèn yo epi preparasyon ak sipò pou mesye-dam k-ap chache marye legliz. Lidè katechis konpetan esansyèl pou reyalize vizyon sila.

Travay pawas ak lekòl nou yo kapab sipòte pa nouvo ajan ak nouvo mwayen kominikasyon. Prezans nan Dyosèz nou pase ven kominote ekle-

zyal ak mouvman pote nouvo lavi ak fèvè e antouzyasm yo. Itilizasyon entènèt ak lòt « mass media » ban nou yon opòtinite pou kominike nan jan ki pi efektiv.

Pandan m-ap kenbe nan tèt mwen defi resous kap bese, divèsite etnik, chanjman demografik kap pran vitès ak gwo remèsiman pou jefò nou nan tan pase pou fè evanjelizasyon, mwen vle ofri senk priyorite dyosezen ki ka sèvi pwen depa komen nou pou reyalize Nouvèl Evanjelizasyon nan Brooklyn ak Queens. Priyorite sila yo gen pou etabli yon dyalòg kontini ak pwosesis planifikasyon pastoral ki deja konmanse nan pawas ak lekòl nou yo.

Premye priyorite dyosezen se pou pouse sipò kontini ak fòmasyon tout pè yo. Nan pase kat dènye lane yo, mwen vin konnen, admire ak respekte pè Brooklyn ak Queens, anpil ladan yo ki te ofri sèvis eroyik ak temwayaj bay pèp Dyosèz la nan sikonstans trè difisil. Mwen gen rekonesans pou travay di ak sèvis jenere pè nou yo, kòm gadyen pèp yo, gadyen sakreman yo ak profesè lafwa ofri pèp yo. Pa gen ranplasman pou lidèchip pastoral yo. Nou ta dwe sipòte pè nou yo nan rekonèt chaj lou y-ap pote-a ak pèmèt yo jwenn tan ak resous pou okipe pastoralman pèp yo-a. Nou ta dwe tou bay pè nou yo opòtinite pou kwasans esprityèl, sipò fratèl ak renouvèlman pèsònèl.

Yon dezyèm priyorite dyosezen se sipòte ak revitalize pawas nou, lekòl nou ak pwogram fòmasyon lafwa nou yo. Revitalizasyon sila dwe rekonèt misyon primè nou kòm egliz dyosezen ap chanje soti nan youn ki te « kenbe » kominote pou vini youn ki pran defi pou « kreye » kominote lafwa. Nouvo lespri misyonè sila va asiste pawas ak lekòl yo reyalize kalite yo ki gen nanm ak aprofondi relasyon ministeryèl yo ak yon atidid ko-responsabilite. Ko-responsabilite vle di ke lekòl Katolik ak pwogram fòmasyon lafwa sèvi pawas nou yo nan fòm ti-moun yo ak paran yo nan lavi lafwa, mennen yo nan patisipasyon aktif ak adorasyon nan pawas la. Li vle di tout pawas yo va bay yon asistans finansyè ak pastoral pou lekòl rejon pa yo e va mete an plas konplètman yon pwogram konpreyansif fòmasyon lafwa pou tout manm yo. Yon lespri ko-responsabilite va ankouraje tou kreyasyon ak sipò komite apwopriye layik pou bay konsèy ki pou asiste kire ak staf pastoral pawas yo nan pawas yo, lekòl yo ak pwogram fòmasyon lafwa yo.

Piske klèstè yo te kreye ak bi prensipal pou sèvi ak ranfòse misyon pastoral pawas al lekòl yo, yon pwosesis planifikasyon klèstè va ede pote vitalite bay pawas ak lekòl manm yo. Poutèt sa, mwen mande planifikasyon klèstè konmanse nan chak klèstè Dyosèz Brooklyn ak Queens pa depase Desanm 2008 apre preparasyon apwopriye.

Yon twazyèm priyorite dyosezen kle pou ka reyalize Nouvèl Evanjelizasyon nan Dyosèz nou se founi jenerasyon demen yo lidèchip Legliz kon-

petan, devwe ak fidèl. Pou sa fèt, mwen mande pou chak pawas etabli yon komite vokasyon pawas disi Jwen 2008 pou ankouraje vokasyon pou pè, dyak ak lavi konsakre. Pi plis, devlopman ak sipò lidèchip layik nan tout legliz la gen enpòtans krisyal. Pwogram kouran nou pou preparasyon lidè layik gen siksè poutèt li rekonèt ke nan batèm chak manm Kò Kris la pataje nan wòl pè, pwofèt ak wa Kris la daprè pwòp pozisyon pa yo. Mwen ankouraje pi plis fi ak gason layik pou vini resevwa preparasyon nan divès pwogram « Pastoral Institute » la ofri.

Yon katryèm priyorite dyosezen ki dekri an detay nan dezyèm lèt pastoral mwen se sipò kontini ak efektif fanmi Katolik nou yo. Piske fanmi se Legliz domestik ak plas privilejye pou tout fòmasyon lafwa, pa ka gen Nouvèl Evanjelizasyon san fanmi dyanb e plen lafwa ke se sou yo vitalite Legliz pou demen depann.

Finalman, etabli yon plan konpreyansif pou sèvi adolesan ak jèn adilt nou yo se yon priyorite dyosezen kle. Sa ka reyalize sou yon peryòd senk lane ak patisipasyon apwopriye tout moun nan Brooklyn ak Queens. Nou pa ka bliye jèn moun nou yo se demen Legliz la. Repons nou a bezwen yo dwe detèmine, imajinatif e soutni pou nou pèmèt jèn nou yo lib viv yon lavi ki plen lafwa ak satisfaksyon.

Poutèt defi resous kap diminye, li esansyèl pou nou adrese bezwen pou rekonfigire anpil nan enstitisyon nou yo yon jan ki konplètman ouvè, transparan ak kolaboratif. Bi rekonfigirasyon se pou kreye pawas ak lekòl ki pral jwi yon vitalite nouvèl e dedye tèt yo a travay Nouvèl Evanjelizasyon-an. Travay sa dwe gide pa de prensip fondamantal. An premye, nou pa janm ka bliye enstitisyon nou yo egziste pou sèvi bezwen Legliz la, pèp li ak misyon li. Bilding nou yo gen mwens enpòtans ke moun nou yo. Dezyèmman, tout rekonfigirasyon dwe fèt pou ede kreye pawas ak lekòl ki gen nanm e k-ap grandi. Baze sou de prensip sa yo, pwosesis planifikasyon nou gen kounye-a pou rekonfigire pawas ak lekòl bezwen chanje. Nouvo pwosesis planifikasyon estratejik nou va gen nati proaktif e va adrese bezwen manch long tout pawas ak lekòl yo.

An konklizyon, m-ap di pèp Dyosèz la mèsè pou sipò mwen resevwa pou ministè mwen kòm pastè an chef. Lidèchip pa janm fasil pou egzès e li gen anpil defi ki fè pwogram imajinatif ak efektif difisil pou reyalize. Gran-mèsè lagras Bondye, mwen pral aplike pwòp mo pa-m yo e “ale pi fon” nan redouble jefò mwen pou bay lidèchip pastoral, yon lidèchip sèvis ki va pèmèt nou tounen yon dyosèz k-ap evanjelize ak pawas e lekòl ki gen nanm e k-ap grandi.

**Son Ekselans Monseyè Nicholas DiMarzio, Ph.D., D.D.  
Evèk Brooklyn**

**Fèt Sen Lik, evanjelis ak apòt  
18 Oktòb 2007**